ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКУАЛЬЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКІ

№73 (23.481) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 22, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр зы тумэнищ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Щ1ыпІэ самоуправленэм и махуэм хуэгъэза и хъуэхъу

Лэжьэгъу лъапІэхэ, ныбжьэгъухэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу фи Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я махуэмкІэ!

Республикэм Іэхэгъэу куэд щызэфІагъэкІ щ1ыпІэ самоуправленэм зиужьын, ар зыхуейну хабзэгъэуцн лъабжьэр къызэгъэпэща хъун папщІэ. Советхэм я администрацэхэм кІапэщыт кІалэнхэр езыхэм я къаруКІэ зэфІахыф хъуащ, щ1ыпІэ Советхэм я депутатхэм я Іэзэгъым, цІыхухэм кІыхуащІ дзыхьым хохъуэ.

Абы кІыдэкІуэу, хъер кІыузыпыкІ щ1ыпІэ самоуправленэ зэфІэувэныкІэ лажьыгъэ нэхъыщхьэр иджыри кІыптпэщытщ. Муниципалитетхэм финансКІэ зыкъызэрагъэпэщыжьныкІэ зыхуеинуэр быдэу убзыхупхъэщ. Апхуэдэ мурад диІэу жыджэру дыхущІокъунущ дэтхэнэ муниципальнэ къэхъуныгъэми, дэтхэнэ жылагъуэми экономикэкІэ и зэфІэкІым хэгъэхъуэным, абыхэм я щ1ыналъэм нобэрей Іуэхущ1апІэхэр щызэфІэдгъэувэкІэрэ, хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ, фермер, мэкъумэш хозяйствэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зедгъэужьКІэрэ.

Си фІэщ мэхъу, щ1ыпІэ самоуправленэр дяпэкІи республикэм щ1ыщытынущ цІыхухэм я сэбэпныгъэр пхызыІгъэкІрэ абыхэм я къыщхьэщ1жакІуэу, жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ипсэухэм я зэІуэпэщ1ныгъэм я къежьапІэ лъэщу.

Узышагъэ быдэ, гукъыдэж ин, ехъулІныгъэ фиІэну сынывохъуэхъу.

Лэскэн щ1ыналъэм хыхьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм и щ1ыпІэ щхьэхуэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщ1ыхьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринариемэ и Іэухукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям ипкъ иткІэ, Лэскэн щ1ыналъэм хыхьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щ1ыщ Іыхьэм хьэщхьэрыІуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрящ1ымыІэжым къыхэкІыу:

1. Лэскэн щ1ыналъэм хыхьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм, Лениным и уэрамым, уэрамдзкІ №7-м, Къумахуэм и уэрамым, уэрамдзкІ №9-м къызэщІаубыдэ щ1ыпІэм, псэущхьэхэм хьэщхьэрыІуэ уз къеуэлІауэ къызэрящ1щІагъэщам къыхэкІыу щагъэуваУэ щыта мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщ1ыхьыкІ.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Лэскэн щ1ыналъэм хыхьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм и щ1ыпІэ щхьэхуэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щыгъэувыным и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм мазаем и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №11-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м
№31-РГ

Шэрэдж муниципальнэ щ1ыналъэм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм и щ1ыпІэ щхьэхуэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщ1ыхьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринариемэ и Іэухукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям ипкъ иткІэ, Шэрэдж муниципальнэ щ1ыналъэм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм щ1ыщ Іыхьэм хъэщхьэрыІуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрящ1ымыІэжым къыхэкІыу:

1. Шэрэдж муниципальнэ щ1ыналъэм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм, Псыгуэнсу псым и ипщэ-кІуэкІыпІэ къежэхыпІэм, Мэкъуауэм и цІэр зезыхьэ уэрамдзкІым и ипщэ-къухьапІэм, Зэрэгъыж къуажэм и ищхьэрэ-къухьапІэмрэ ипщэ-къуэкІыпІэмрэ я мэз лъапэм къызэщІаубыдэ щ1ыпІэм, псэущхьэхэм хьэщхьэрыІуэ уз къеуэлІауэ къызэрящ1щІагъэщам къыхэкІыу щагъэуваУэ щыта мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщ1ыхьыжьым.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Шэрэдж муниципальнэ щ1ыналъэм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм и щ1ыпІэ щхьэхуэхэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щыгъэувыным и Іэухукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм мазаем и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №12-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м
№32-РГ

● Къэрал гулъытэ

Псэупіэ унэхэр ират

КъБР-м и Правительствэм 2013 гъэм къыдигъэкІа «Сабий зеиншэхэмрэ адзанэм я жьауэм щІэмытыжхэмрэ псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным теухуауэ» унафэм ипкъ иткІэ, лэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ. Абы и щ1ыхьэту, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къудзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр Емуз Нинэ фэтэрыщІэхэм я Іункіыбзэіуххэр яритащ ахэр зыхуагъэфэща щ1ыхуи 6-м. Апхуэдэхэщ Бахъсэн, Шэджэм къалэхэм щ1ыщхэу Мысост Анесэ, Быырхьэм Хъусен, Умар (Джэрыджэ) Алинэ, Хосаевэ (Дидигоевэ) Іэминат, ХъутІэ Расул, Тхьэмокъуэ Марат сымэ.

ГУФІЭГЪУЭ зэІуцІэр къызэІуихащ Емуз Нинэ.

- Ди къэралыр, республикэр хущІокъу щ1ытыкІэ гугъум ихуа дэтхэнэми зыщІэгъэкъуэным. Сабий зеиншэхэмрэ адзанэм я жьауэм щІэмытыжхэмрэ псэупІэ унэкІэ къызэгъэпэщыжмкІ гулъытэшхуэ егъуэт, - жиІащ Емуз. - Фэтэрыщ1ХЭМ я Іункіыбзэіуххэр нобэ зратахэм си гуапэу сынывохъуэхъу фи гъащІэм фІы и лъэныкъуэкІэ абы зыкъыдигъэзэну, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ фыщ1ымыщІэу, узышагъэ быдэ фиІэу фыщ1ипсэуну.

Зэхуэсым хэтащ Бахъсэн кІалэм и щ1ыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим. Ари гуапэу ехъуэхъуащ псэупІэщІэ зратахэм.

- Уи унэ, уи планэпэ уиІэжу упсэуныр куэд и уасэщ, - кІыхьигъэщ1ащ абы. - Къэралыр нобэ къызэрыфхуэупса псэупІэхэм фІыгъуэ куэд кІыфхудэкІуэну, фи гугъэмрэ мурадхэмрэ къызэхъулІэну си гуапэщ. Нобэ хуэдэ махуэ фи гъащІэм кІэриубыдэн папщІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІахащ ди республикэм и унафэщІхэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и Іэщ1агъэлІхэм, ухуакІуэхэм, Къаздэхъу Хьэталий я пашэу, нэгъуэщІхэми. Абыхэми фІыщІэ ин яхудощ.

Насыпышхуэ кІайуэлІауэ къалъытащ фэтэрыщІэхэм я Іункіыбзэіуххэр зрата цІыхухэмкІ.

- Куэд пъандэрэ дызыпэплъа гуфІэгъэщ, нобэ дызыхэтыр, - жиІащ псэупІэ зратахэм яцыщ Умар Алинэ. - Дыщ1ыпсэун унэ дыщІэкІэ, адрей лъэпощхьэпохэм нэхъ пэлъэщыгъуафІэ хъунущ иджы. Дэ тхуэдэ зеиншэхэм гулъытэ яхуэзыщІ, апхуэдэ Программэ хэха зыубзыхуа ди Правительствэм фыщІэшхуэ худощІ.

КъБР-м псори зэхэту щопсэу сабий зеиншэ 90. Республикэ Программэм ипкъ иткІэ, апхуэдэ псэупІэщІэхэмкІэ мы зэман благъэм иджыри къызэрагъэпэщынущ къэна цІыху 84-ри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэн икІи абы къыхэзгъэкІыжьын Хьэсанэ И. М.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щ1ыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м
№58-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къахьа екъулІныгъэхэм папщІэ икІи ильэс куэд лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1ыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэм хьэлэлу зэрыщ1ылажьэм къыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьилъыр етын

Бей Іэуес ТІалэ и къуэм - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щ1ыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэм

Клюс Виктор Григорий и къуэм - Май муниципальнэ районым хьыхьэ Ново-Ивановскэ къуажэм и Іэтащхьэм

Къумыкъу Залымхан Мухьэмэд и къуэм - Іэдииху къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщ1ын

Іэхъуэбэч Андзор Нафихь и къуэм - Бахъсэн муниципальнэ районым и щ1ыпІэ самоуправленэм и Советым и унафэщ1ым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м
№61-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІуцІэр Іуащхьэмахуэ щ1ынагъуэ къыщхьэщ1ыхьащ - жьышхуэ зыщІэт уэлбанэшхум уэ хэлъу зэуэзэпсу къыщ1идзащ. Уэм и инагъыр языныкъуэхэм и деж бзу джэдыкІэм хуэдиз хъурт.

«Къэббалъхъкоммунэнерго» МУП-м къэхъуакъащІэ щынагъуэм и хъыбар къызэрыІэрыхьэу, и кІулыкъу псори зэщІигъэуІуэри и цІыхухэр къызэІфІигъэуващ. Абы и фІыгъэкІэ муниципалитетми МЧС-м и Іэнатіэхэми зы цІыхуми зыхуагъэзакъым электрокъарур зэрыкІуэ кІапсэхэр зэпычауэ е фидерхэр Іуачауэ.

«Къыткуагъэува кІалэнхэм япэ диту ильэс къэс Налшык и электросетхэр щынагъуэншэу бжьыхьэ - щ1ымахуэ лъэхъэжэм худогъэхьэзыр икІи мэлыжьыхь мазэм куэдрэ кІемых уэм зы кІапси зэпимыуду зэрытщхьэщ1ыкІар абы и фІыгъэщ. Ар къызэрыдэхъулІамкІэ фІыщІэ лей яхуэфащэщ ди лъэныкъуэхэм», - къыджиІащ «Къэббалъхъкоммунэнерго» МУП-м и инженер нэхъыщхьэ Гергоков Хьэдис.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Мэкъумэшыщ1эхэм къэралым защ1игъэкъуэнымкІэ лэжьакІуэ гупым и зи чэзу зэІуцІэр Іуащхьэмахуэ щ1ынагъуэ къыщхьэщ1ыхьащ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и япэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр, лэжьакІуэ гупым и унафэщІ Говоров Сергей. Зэхьхьэм хэтащ щ1ыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий, Іуэхур зэхьэлІа министерствэхэм, республикэм и Парламентым, «Урысейм и Мэкъумэш банк» ОАО-м я лІыкІуэхэр, къуажэхэм, мэкъумэш щ1ыпІэ-фермер хозяйствэхэм я унафэщІхэр, гъавэ щІапІэхэр зезыхьэ бэджэндырылажьэхэр.

ЗАЛИХАНОВ Къанщобий и пэублэ псалъэм къыхиГъэщащ жылагъуэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьыныр, бгылъэ, жьэгъущІэс щ1ыпІэхэм пхъэщхьэмыщ1ыкъэрэ хадэжкІыу къыщрахьэлІэм хэгъэхъуэныр я унэтІныныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщ1ытыр икІи, зэхуэсахэр эригъэщІыхуа нэужь, жьыджэру, купщІафІэу зэдзлэжьэну псори къыхуриджащ.

ЗэІущІэр къыщ1ызэІуихым, министрым мэкъумэш кооперацэм и Іэнатіэщ1э къызэрагъэпэщ1ын зэрыхуейр къыхигъэщхьэхукІри, АПК-м и кооператив зэщІэхъеенныгъэм къыпэщ1ыт кІалэнхэр игъэнэІуащ:

- Фермер хозяйствэ щ1ыкІуэхэм заужьын, нэгъуэщІхэм япэхъун щхьэкІэ, ахэр зэгухьапхъэщ. ИтІанэщ мэкъумэшхэкІхэм я рынокым лъэ быдэ щагъуэтынур. Мы зэманым ди кооперацэм и кІалэн нэхъыщхьэр пхъэщхьэмыщ1ыкъ, хадэхэкІ хъуманІэ лъэщхэр ухуэнырщ, я Іэдакъэщ1экІхэр зратынухэр гъэтэрэзыныр щ, - къигъэльэгъуащ Говоров Сергей.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм экономикэ анализымрэ зрагъэхъулІэжыну зыпэплъэхэмкІэ и кІудамэм и унафэщІ Къалмыкъ Алим зэхуэсахэм яхуиІуэтащ абы и лъэныкъуэкІэ кІэрал дэІэпыкъуныгъэхэм щІэуэ хэлъхэм. Мэкъумэш потребительскэ кооперативхэм нэгъабэ лъандэрэ грантхэр ухах. Ахэр мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным халъхьэ хъунущ. Псалъэм папщІэ, мэкъумэшхэкІхэр щахъумэ, абыхэм щелэжь, зэращэнум щ1ыхуагъэхьэзыр щІэлъхьэпІэхэр яухуэну, зэрагъэпэщ1ыжыну, Іэмэпсымэхэр, транспорт лІэужьыгъуэхэр къащ1ахуну, апхуэдэу лизинг зэгурыІуэныгъэхэм я взносхэм пагъэкІуэну хуитщ. Мыбдежым къагъэувыр зы Іэхъугъуэщ - абыхэм хуэзэм и процент 40-м мынэхъ мащІэр кооперативым хилъхьэн хуейщ.

Щ1ъэхуэу зыдэІэпыкъуну Іэнатіэхэмрэ бюджет ахъшэр зэрыхухахыну хабзэмрэ министерствэм и лІыкІуэхэр тепсэлъыхьащ. ЗэІущІэм хэтахэм дихьэхыу зыхагъэгъэзащ проценти 5 фІэкІа зытемыхьэ кредитхэр льготэкІэ зэратыну щ1ыкІэм. «Урысейм и Мэкъумэш банк» ОАО-м щ1ыхэмэ зэдгъэзэжьнымкІэ и кІудамэм и Іэщ1агъэлІ Гъажэ Заур абыхэм яхуиІуэтащ пІалъэ кІэщІым тещІыхьа инвестицэ щ1ыхуэхэр республикэм и ГъавэзгъэкІэхэмрэ Іэщ1ыхуэхэмрэ 2017 гъэм льготэкІэ зэрыухахыну хабзэщ1эхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ къытеувыІащ республикэм и Щэсыпіэ фондым щ1ыхьэтлыкъыгъэр къыщ1ыхуэзэмыгъэпэщ1ахэм, кредитхэмкІэ, лизинг зэгурыІуэныгъэхэмкІэ, банк щэсыпІэхэмкІэ бизнес мащІэмрэ курытымрэ щ1ыхьэту зэрахуэуэ щ1ыкІэм.

Лэжьакіуэ гупым хэтхэм фермерхэмрэ къуажэ унафэщІхэмрэ я упщІэхэм жэуап иратащ. Ахэр теухуат хъупІэхэм я бэджэнд уасэм, субсидиехэр зэратымрэ мэкъумэш-фермер хозяйствхэм я къызэгъэпэщ1ыкІэмрэ.

Я пІэ вице-премьерым зэхуэсахэр къыхуриджащ Іуащхьэмахуэ щ1ыналъэм мэкъумэш потребительскэ кооперативхэр къыщ1ызэІуихыным жыджэру яужь итыну.

ЗэІущІэм и кІэм Залиханов Къанщобийрэ Говоров Сергейрэ къыхагъащІ бгылъэ, жьэгъущІэс щ1ыпІэхэм жыг хадэхэмрэ мэкъумэш Іэнатіэхэмрэ зэыщІэзэужьыным я къарур зэрырахьэлІэнур. Льэныкъуэхэр зэгурыІуащ яубзыхуахэр зрагъэхъулІэн папщІэ зэуІуу икІи зэрыщІэу зэдзлэжьэну.

ТАРИМ Алисэ.

Гъэтіылъыпіэ зимыІэ Іуэхугъуэхэр щызэпкърах

● АПК

АПХУЭДЭ жэрдэм къыхилъхьащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым щІэныгъэмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, хэкупсэ гъэсэныгъэмкІэ гупым и пашэ **Лий Ланэ**.

ЩІалэгъуалэ гупым кІрахьэжьа Іуэхугъуэхэр щекІуэкІынущ Налшык, Бахъсэн, Тэрч, Шэджэм къалэхэмрэ Аруан къуажэмрэ. Къапщтэмэ, Тэрч кІалэм и курыт уэрамым адыгэ ныпыр зыІыгъ шууейхэр ирикІуэнущ, кІалэ утым джэгушхуэ щащІынущ, Бахъсэн кІалэм и курыт еджапІэхэм адыгэ ныпым и тхыдэм теухуа дерсхэр щекІуэкІынущ. Аруан къуажэм дэт «Нур-ет» щэнхабзэ зэхуэсыпІэм концертрэ махуэшхуэ уджрэ щызэхашэнущ. Шэджэм кІалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и гупэ утым лъэпкъ джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щызэхьэзэхуэнущ. Налшык кІалэ, КъБКъУ-м и Іэгъуэблагъэм, «Си лъэпкъ ныпэ» зыфІаща зэхьхьэр щрагъэкІуэкІынущ.

Іуэхугъуэ псоми сыхьэт 14-м щ1идзэнущ. УпщІэхэмкІэ Лий Ланэ зыхуэзгъэзэ хъунущ мы телефонымкІэ: 8-963-166-61-12

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Хъыбарегъащ1э

Адыгэ ныпым и махуэм и щ1ыхькІэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым мэлыжьыхьым и 25-м ирегъэкІуэкІ Адыгэ ныпым и махуэшхуэм теухуа Іуэхугъуэ зыбжанэ.

***Адыгэ ныпым и лъабжьэр жьжьэ хъущожь. Ар хьбольагъуэ синдхэм, мэуэтхэм, хьэтхэм я тхыдэм, уеблэмэ адыгэхэр щ1ыпІэрыс щыхуэа лъэхъэнэхэм (ди эрэм ипэ илъэс мини 6) нып папщІэу зэрахьа гуэрхэр щ1ыщ. Нэхъ гъунэгъу лъэхъэнэхэм укъэІэбэмэ, 15-нэ лъэщ1ыгъуэм, Инал и пщыгъуэм нып щ1ызэрахьарэ щ1ызэрамыхьарэ къэхутэн хуейщ, ауэ абы иужькІэ, 1774 гъэхэм ирихьэлІэу, Къэбэрдей щ1ыналъэм нып зэриІар тхьдэм къыхощ. Апхуэдабзэу адыгэ лакъуэхэми унагъуэ зызыужьахэми езыхэм я нып яІэжу зэрыщ1ытар нахуэщ. Абыхэм я нэхъыбапІэр щэкІ удзыфэщ1 къызыхэщ1ыкІар, шабзэшитІ зэблэдзахэмрэ вагъуищымрэ зэхуэдэу лакъуэ нып куэдым я деж щ1ыбольагъу.*

Дауэ ар къызэрыунэхуар

Нобэ зетхъэ адыгэ ныпым и зэхэтыкІэр къыщ1ыунэхуар 1800 гъэхэм я пэщІдзэ дыдэращ, 1805 гъэм КъалэубэтэкІуэ Шупагъэр и ныбжьэгъуэхэмрэ къагурыІуат адыгэ лакъуэхэр зэкъуэмыувэмэ, къапэщІэт бийм адэкІэ зэрыпэмыльэщынур, абы папщІэ Адыгэ Хэкум ис лакъуэ 12-р зы лъэпкъ ныпым и жьауэ щІэувэн зэрыхуейр. Мис а гупсысэм ипкъ иткІэ КъалэубэтэкІуэу Шупагъэ адыгэ ныпыпхъэ иригъэщІащ, а зэманым ирихьэлІэу зэхашэну Адыгэ лъэпкъ хасэшхуэм и пащхьэ кърильхьэу къаригъэщтэну и гугъэу. ЩэкІ удзыфэм шабзэшэ фІыщІэ зэблэдзаищ1э вагъуэ хужь 12-рэ зытещІыхьа а ныпыпхъэр 1807 гъэм щыІа Адыгэ лъэпкъ хасэм и ЛІыкІуэхэм ягу ирихьат, ауэ зэмыфэгъуищ зэрызэхэлъыр арами, нэгъуэщІ щхьэусыгъуэрэми мыбелджьылыуэ, абы щыгъуэ лъэпкъ ныпыр къащтакъым.

19-нэ лІащІыгъуэм и япэ Іыхьэ плІанэм (1818, 1823, 1824 гъэхэм) Адыгэ Хэкум къэкІуа франджы лІакъуэлІэш Тебу де Мариньи ди лъахэм къызэрыщ1ыкІухьам теухуауэ итхьжа тхылъым хигъэува картэм зы адыгэ нып хэтщ1 вагъуи 8-рэ шабзэшэ зэблэдзаищ1э тету. Ар кІахэ адыгэхэм зэрахьа лІакъуэ ныпхэм ящ1ыщынкІэ хъунущ, ауэ гу лъытапхъэщ1 абыи шабзэшэ зэблэдзаищ1ыр къызэрытещ1ым.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизион

ЩэщІрэ ещанэ джэгуГуэ
«Спартак-Налшык» - «Тамбов»
«Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 23. Сыхьэт 15-м.

Лъэпкъыр къэзыгъэуш

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

ХЬЭЖЭКЪУЭ-Жанбэч Ахьмэд зэритхыжамкІэ, 1827 гъэм урысыдзэм Іэнэпэ (Анапэ) быдапІэр къыщащтам щыгъуэ абы уэсмэн ныпым ирагъуэу адыгэ ныпыр (вагъуэ 12 зытет щэкІ удзыфэр) щыхуарэзт. Ар пэжмэ, хуэбгъэфащэ хъунущ Къалэубатэкъуэ Шупагуэ иригъэщІа ныпыр арауэ. 1822 гъэм Адыгэ лъэпкъ хасэ зэхаща пэтми, абы «гъащІэ иІакъым». 1830 гъэм лыкІуэ 300-м нэблагъэ хэту Жылэ тхьэрыуэ хасэр зэхащэри, Адыгэ Хэкур тэкурэку (губерние) 12 зэхагъэуващ. А тэкурэку 12-р къэлыратуэу Къалэубатэкъуэм нэхъапэм иригъэщІауэ щыта ныпыпхъэр аргуэру зэ кІыхьалхьэри, зэхьуэкІынымгъэ тІэкІу фІэкІа хуамыщІу лъэпкъ ныпу къащтащ. Ауэ ар хэгъуэгум и щыпІэ псоми занщІэу зэрыльэмыІэсыфам къыхэкІыу, ныпыр Адыгэ Хэкум зэхуэдэу зэлъащысакъым.

1830 гъэм зэхуэса Жылэ тхьэрыІуэ хасэм и лыкІуэу щыта Занокъуэ Сэфарбий хамэ къэрал Іэхуэхэмкіэ министр хуэдэу Истамбыл щыІащ нэгъуэщІ къэралхэм я лыкІуэхэр адыгэ лъэпкъыр зыхт гъэзэгъэм щигъэгъуэзу. Щэч хэлъкъым шыпІэ щэкІ лъапІэм къыхэщыкІауэ адыгэ ныпыр дахэу егъэщІыным, ар лъэпкъым кьеГъэщтэным Сэфарбий мымащІэу зэрыхэлыфыхьам. Лъэпкъ ныпыр я жьауэу адыгэ лакъуэхэр зэкъуэувэн зэрыхуейм кьыхуриджэу, чэнджащ щхьэпэ кьаритУ адыгэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ инджвылъ посоль ствэм и секретарь Урварт Дэвид, Занокъуэ Сэфарбий 1834 гъэм Истамбыл щыІэу зыхуэзэуэ щытар.

Абынрэ Іэфіыпсрэ яку дэт тІуащІэм 1836 гъэм щекІуэкІауэ щыта Адыгэ лъэпкъ зэхуэсым хэта Спенсер Эдуард адыгэ ныпым теухуауэ етх: «Гущхуэ зыкІуэцІылъ лІыхьужь СулътІанкъуэ Къырщыжь Истамбыл щрагъащІауэ ящІыкъ нып дахащэу нэр пІэпызыхыхэр къызэкІуэцІихащ. Истамбыл Іулыджьшхэр щызиІэ адыгэ гуащэм ёзым и Іэ псыгъуэ Іэпщідзлъапщідхэмкіэ мы ныпыр хидыкІауэ араш. Нып дахащэр щалъагъум, бгырыс мин бжьыгъэхэм я джатэхэр зэуэ къырапхуэтри, гуфІэгуоу макъышхуэ щІэту куэдрэ ягъэдзлъащ, а гуо макъ лъэщым и джэрпэджжьым мэз къуэладжэхэр кьыдэпсалъэу».

Бэракъым и мыхьэнэр

Адыгэ ныпым и зэхэлъыкІэм кьикІыр тэкІу зэщхьэщыкІыу кьалъатэ. Багъуэ 12-м адыгэ лакъыуэхэр (е тІурытІу зэдзылІауэ, пс.п. кьэбэрдей-бесльэнейхэр, шапсыгъ-натхэуейхэр) кьэикІыу нэхъыбэм кьалъытэ. Ауэ Адыгэ лъэпкъ ныпыр ипэжыпІэкІэ зытещІыхьауэ щытар Адыгэ Хэкум и щыпІэхэр, тэкурэкуэр арат. Апхуэдэ щыкІэкІэ абы кьызэщІиубыдэрт, адыгэ лакъыуэхэм кьищынэмыщІауэ, убыхэхэри абазэхэри.

Иджы адыгэ ныпым дыщеплъкІэ, сыт кьыдгурыІуэн хуейр? Удэфэр - Хэкурщ, абы и дахагъэрщ, бэвыгъэрщ, лъапІагъэрщ, Хэку-анэм нэхърэ нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэрщ. Багъуэ пщыкІутІыр - Адыгэ Хэкум и тэкурэку 12-щ, адыгэ лакъыуэхэрщ, ахэр зэрызэкъуэшырщ, зэрызэхуэдэрщ, зэрыльэпІэрщ, багъуэу зэрыльэпІагъэ зэрыгъуаэзрщ. Шабзэшиц зэблэдзар цыхугъэм, адыгагъэм, лІыгъэм, зэкъуэтыныгъэм я нагъыщащ. Іэщщу шабзэ зэрызэрахьэ ЛъандэрФ адыгэр лІэужьыгъуищу зэщхьэщагъэкІырт: шалъэм зы шабзэщэ фІэкІа имыльтмэ, ар шыщхьэмыгъаэзт, щэрыуэт, ябгэт, бзаджэгъи, абы зыпэщІабгъэхуэнкІэ шынагъуэт, зэуэр занщІэу кьиуКІырти. Зи шалъэм шабзэ куэд ильэр, зэрыпаІуэщи, зэуэпІэм Іут зауэлІу арат. Ауэ зи шалъэм шабзиищ иІъым цІыхугъи, адыгагъи, хабзи, лІыгъэм хэпІу, мамырыгъэм и тепльхьэу, ауэ, зауэ кьэхъу хьужьыкъуэмэ, и лІыгъэр кьыщигъэпІагъуэу, зи кьимыкІуэту арат. Адыгэ ныпым дыщеплъкІэ, мис ахэр ди псэм зыхьащІэу, кьыдгурыІуэу щытмэ, Адыгэ ныпым и мыхьэнэр ди псэм нэсауэ араш.

ХЪУАЖЬ Фахьри.

ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэр Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм щагъэлъапІэ

Абы пыщІа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щекІуэкІащ Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкіэ и гардэунэм. Зэхьыхьэм зыкъырагъэхъэлІат Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Текіушэ Артур, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкіэ Советым и унафэщІ Уэдыжь Хьэсанш, районым хьихьэ къуажэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэр, щэнхабзэ щІэныгъэм, щэнхабзэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ хъэхъу псалъэкІэ защыхуигъаазэм, Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Текіуэ Артур кьыззэрыхигъэщамкІэ, къэрал властым и кьудамэхэм ящыщу цІыхухэм нэхъ быдэу япыщІауэ лажьэ муниципалитетхэрщ зи чэзу Іуэхуэр дэгъэкІынымкІэ кьалэн нэхьыбэ зи пщэ кьыдэхуэр. Апхуэдэу щыщытки, кьуажэдэхэм я псэукІар зыхуэдэнэр абыхэм я Іуэху кьызэрэпэщыкІэм куэдкІэ ельытащ.

- ЩІыпІэ самоуправленэм и органхэм жэуаплныигъэшхуэ зыпылъ кьалэнышхуэ я пщэ кьыдохуэ, щІыналъэм социальнэ, экономикэ я лъэныкъэкІэ зегъэуэбжьынымкІэ, щІыхуэхэм зэІуэпэщ псэукІэ кьахуэзэрэпэщынымкІэ. ЩІыпІэхэм щыІэ властырыщ цІыхухэм япэу зызыхуагъаазэр гукъеуэ щаІэм дежи, гугъуэхь хэхуами, чэнджащ гуэр хуэныкъуэ хъуми. Аращи, дэ псоми ди зэхуэдэ кьалэнщ цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр, ди щІыналъэр ущыпсэуэн, ущылІэжьэн, зыщыбгъэпсэхун папщІэ сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэи хуэдгъэзэныр, - жиІащ Текіуэ Артур икІи цІыхухэм ехъуэхъуащ мамырыгъэ, гуфІэгъуэ, зэІуэпэщыгъэ дэтхэнэ унагъуэми иІныну, я щІыналъэр кІуэ пэтми нэхъри ефІакІуэу зэдзэпсэуну.

КъыкІэлъыкІуэу Іуэхущхуэ гуапэм яуэж ихьащ икІи Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и щІыхь, фІыщІэ тхьилъэкъэ, апхуэдэуи щІыпІэ самоуправленэм и Урысейпсо Советым и фІыщІэ гуапэ тхьилъэкъэ ираташ щІыпІэ самоуправленэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэм, илъэс куэд хьауэуэ хьэлэлу цІыхубзэм яхуэлажьэхэм.

ГуфІэгъуэ зэхьыхьэм кьрихьэлІахэм я дэрэжэгъуэр нэхъри кьаІэтащ «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Эмрей» цІыхубз ансамблхэм, щІыналъэм уэрэджьІакІуэхэу Юлташевэ Людмилэ, Таукеновхэ Танзилярэ Сэлимрэ, Уэрыш Иринэ, Къумыкъу Асанэ, Мизиев Зейтун, Ахьмэт Дарьянэ, Тхьэмокъуэ Анзор сымэ, къэфакІуэ гупхэм.

КІАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 22, *щэбэт*

♦ЩІы-Анэм и дунейпсо махуэщ
♦Бразилиер къыщыІэІуаха махуэщ
♦Экологием къиХь шынагъуэм зыщІихъуэмэным и махуэщ
♦1370 гъэм Франджым и пащтыхь Карл V и унафэкІэ Бастилие быдапІэр уухэн щІадзащ.
♦1832 гъэм император Николай Езанэм и унафэкІэ Урысейм нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэр къыщІэрагъэпэщащ.
♦1832 гъэм император Николай Езанэм Іэ щІидзащ «Къэралым щІыхь зиІэ и цІыху» щІэр гъэувыным теухуа унафэм.
♦1863 гъэм Москва кьалэ Думэм и ялпэ зэхуэсыр екІуэкІащ.
♦1864 гъэм США-м къыщыщІагъэкІыу хуежьащ жэзым кьыхэщІыкІа ахъшэ жьгъейхэр - зы цент, центитІ хьуэр. А зэманым къэралым финансхэмкіэ и министру лэжьа Чейз Салман Портленд и унафэкІэ центитІ хьу ахъшэ жьгъейм кьыхаІущІыкІат «Дэ Тхьэр ди фІэщ мэхъу» псалъэхэр.
♦1906 гъэм Алыджым и кьалащхьэ Афинхэм къыщыІэуахащ зи мычэзу Олимп Джогухэр.
♦1918 гъэм Урысейм и ВЦИК-м унафэ кьищтащ къэралым и цІыхухэр зэрыгъэпсыгъуэ.
♦Совет къэралыгъуэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ, СССР-м и ЦІыхубз коммисархэм я советым и ялпэ унафэщІу щыта **Ленин (Ульянов) Владимир** кьызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.
♦Урыс, американ тхакІуэ цІэрыІуэ, эдэзэкІакІуэ, литературэдж **Набоков Владимир** кьызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦БэзэщІэнэгъэлІ, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Елбэд Хьэсэн** кьызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ физик, а къэралым и ялпэ атомнэ бомбэр зыщІа **Оппенгеймер Роберт** кьызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ актёр цІэрыІуэ, режиссёр **Николсон Джек** кьызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, РАЕН-мрэ ЩІДАА-мрэ я академик **МэкІэтІей Абдулыхь** кьызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщІэхэм я «Додо Клаб» зэгухэмэныгъэм (КъБР) и унафэщІ **Мысырджэн Муэлед** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Европэ Советым и унафэщІ **Туск Дональд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу
♦УсакІуэ, эдэзэкІакІуэ, адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщэкі куэд урысыбзэм кьызыгъэзгъа **Пряжников Александр** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 23, *тхьэмахуэ*

♦Тхыльымрэ авторым и хуитыныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ
♦Инджылызыбзэм и дунейпсо махуэщ
♦Тыркум щыпсэу сабийхэм я махуэщ
♦Израилым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ
♦Испанием зэгуэкІуэхэм я махуэр щагъэлъапІэ
♦1836 гъэм Петербург къыщыдэкІащ «Современник» журналым и ялпэ номерыр.
♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Тыркум и Лъэпкъ зэхуэсышхуэр (парламентыр).
♦1943 гъэм СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз хозяйствэр зэфІэгъэувэжыным теухуа унафэ кьищтащ.
♦1951 гъэм СССР-м и Олимп комитетыр кьызэрагъэпэщащ.
♦1964 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ кьищтащ макъ зытратхэ пластинкэхэр кьыщІэзыгъэкІ «Мелодия» фирмэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ.
♦1564 гъэм кьалъхуащ инджылыз драматург цІэрыІуэ **Шекспир Уильям**. 1616 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м ар дунейм ехыжащ.
♦Урыс композитор, пианист, дирижёр цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубз артист **Прокофьев Сергей** кьызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Теунэ Хьэчим** кьызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦Генерал-лейтенант, Абхъаз Республикэм зыхъумэжыныгъэмкІэ и министру щыта, Абхъазым и Лыхъужь **Сосналы Сулътан** кьызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 24, *блыщхьэ*

♦ЩІалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ
♦Къуэш зэрыщІа кьалэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Лабораторэхэм кьыщагъэсэбэп псэущхьэхэр хьумэным и дунейпсо махуэщ
♦Ермэлы лъэпкъым залымыгъэ щыкІэлъызэрахьам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ
♦Адыгэхэм я кьекІуэкІыкІар зыджа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ** кьызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦УэрэджьІакІуэ, КъБР-м Ингуш Республикэм и щІыхь зиІэ я артисткэ **Даур Иринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, жэщым уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Унэм ущымыІыхъужь, губгъуэм ущымыкъэрабгъэ.

● Каратэ-кекусинкай

ЩІэблэм дагъэгушхуэ

ЩІэблэ узынщэ уиІэныр ар фІыгъэушхуэщ къэралми, сыт хуэдэ лъэпкъми, унагъуэми я дежкІэ. Ди гуапэ зэрыхъуци, сабийхэм я щІэныгъэм, зэфІэкІхэм, спортымкІэ зауэныным адэ-анэхэр иджырей зэманым нэхъ егугъу хъуащ. КъагурыІуэ - а цІыкІуэхэращ зэлъытар ди къэкІуэнур.

НАСЫПЫШХУЭЩ хамэ щІыпІэхэм ди ныбжьыщІэ цІыкІуэхэр щІэныгъэкІи, лэжьыгъэкІи кьахэжаныкІыу хъыбар къыщыпІэрыхьэм и деж. Нобэ зи гугъу фхуэсщІынухэри апхуэдэщ. Каратэ-кекусинкай спорт лІэужьыгъуэм ахэр дехьэх икІи екъуІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэну яхуэзэфІэкІащ. Я тренер КІэш Даут ныбжьыкІэ щІалэми, ІэкъуэлъакІуэу сабийхэр егъэсэф, гъащІэм хуеущий, езым кьилъхуам хуэдэуи ябгъэдэтщ. ЦІыкІуэр мызэмытІуэу абы кьэрал утыку иришащ, дагъэгуфІауи кьагъэзэжащ.

Тхьэмахуэм кьриубыдэу махуищлпІыкІэ цІыкІуэхэм зыщагъасэ Налшык дэт курыт еджапІэ №32-м. Абы и директор Блэныкъ Къазбэч сыт и лъэныкъэкІи я спортсмен ныбжьыщІэхэм защІегъакъуэ икІи фІыщІэ ин хуэфащэщ.

Апхуэдэ гулъытэр зэрагъэпэжьыным сабийхэри хущІокъу. Къапщтэмэ, мы гъэр кьызэрихьэрэ ахэр Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ зэхьэзэхуэхэм щыхэтати, кубокхэмрэ медалхэмрэ яІыгъыу къагъэзэжащ. Апхуэдэу мазаем и кІэухым Мэздэгу къалэм щызэхэта «Бгырыс» зэпеуэм щытекІуащ Жэмбей Астемыр, Бабыгуей Елдар, Гуо Лие, Кумыщ Алихьан, Гончиани Тенгиз, Щоджэн Идар, ЩыпІыпІэ Дамир, ПщыгъуэтыкІ Елдар. ЕтІуанэ-ещанэ уныпІэхэр зыІэрагъэхьащ Хьэпэ Виолеттэ, Сунш Лидианэ, Жылэтэж Къан, Пщыбийхэ Идаррэ Дианэрэ, Асановэ Бэллэ, Шыдакъ Инал, Жэмбей Айдэмыр сымэ.

Мазэрэ ныкъуэрэ дэкІри, Карачаевск къалэм бжьыпэр щаубыдащ Дышэжі Мухьэмэд, Гуо Лие, ПщыбийДианэ, Жылэтэж Къан, Бабыгуей Елдар, Гоггричиани Тенгиз, ЦІыпІынэ Дамир, Бахъсэн Айдэмыр, Жэмбей Айдэмыр. Абыхэм куэдкІэ зыкъыкІэрагъэхуакъым дыжьын, жэз медалхэр кьзэрыхьаэу ЩыпІыкІ Алихьан, Сыжажэ Елдар, ПщыгъуэтыкІ Елдар, Бахъсэн Тамерлан, Тау Идар, Сунш Лидианэ, Жэмбей Астемыр, Пщыбий Идар сымэ.

КІэш Даут и гъэсэн цІыкІуэхэм иджы загъэхьэзыр Мэзкуу щекІуэкІыну урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну. ФыщІэ абыи екъуІэныгъэхэр кьыщащхыну.

БАБЫГУЕЙ Залинэ.

МэкІэтІей Абдулыхь Къасболэт и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщІыныгъэ хьэлэ игуэтащ. 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м дунейм ехыжащ щІэныгъэлІ щыпкъэ, къэрал икІи жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ МэкІэтІей Абдулыхь Къасболэт и къуэр.

МэкІэтІей Абдулыхь Балъкъ щІылнальэм хьыхь Малкэ къуажэм 1942 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м кьышащІыхуащ. Жылэм дэт курыт школыр дыжьын медалкІэ 1959 гъэм щІиухри, ар ялпэщІыкІэ аппаратчикыу щылэжьащ Москва пластмасс кьыщыщІагъэкІыу дэт заводым, иужькІэ щІэтІысхьащ Москва дэт химико-технологие институтым (иджы Урысей химико-технологие университет), Менделеевым и цІэр зезыхьэм. 1965 гъэм ар аспирантэ щІэзыхьэ къуэрал университетым «Пластмассэхэмрэ синтетикэ каучукымрэ я химие технологие» Іэщідгъэр иІэу.

1968 - 1991 гъэхэм МэкІэтІейр Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэ нэхъыжьщ, доцентщ, кафедрэм и унафэщІщ. 1968 гъэм МэкІэтІейм игъэхьэзыращ икІи екъуІэныгъэкІэ Москва щыпхъигъэкІащ и кандидат диссертацэр. 1974 гъэм утыку кьрихьащ икІи пхигъэкІащ и доктор диссертацэри. 1976 гъэм абы кьыфІащащ профессор цІэ лъапІэр.

1990 гъэм МэкІэтІей Абдулыхь хахащ Урысей Федерацэм и цІыхубз депутату, Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэмэ хагъэхьащ (ЩІэныгъэмкІэ комитетым и кьудамэм) и унафэщІу). 1992 гъэм ар яГъэуващ УФ-м и Президентым и деж Гражданствэмкіэ щыпажэ комиссэм и унафэщІу. 1994 гъэм къыщыщІидзауэ УФ-м и Президентым и Администрацэм Гражданствэ Іэухухэмкіэ и Іэнатіэм и пашэщ. А лъэхъэнэхэм Абдулыхь жыджэру хэтащ РАН-р кьызэрэпэщыным епха Іуэхугъуэхэм.

КІуэкІуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТІ., Канунников В. А., Джэш В. М., Алэкьей А. М., Алътуд Ю. Къ., Амщокъуэ Ф. Къ., Апажэ А. Къ., Ахъуэхъу Т. Б., Беккиев М. Ю., Берд. Хь. А., Беппаев С. У., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Говоров С. А., Губин Г. С., Джатэ Р. Хь., Дзэмыхь Къ. ФІ., Емуз Н. Гъу., Жанатаев С. А., Жыджэт А. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Геляхов А. С., Иуан П. М., Къарэмырзэ Б. С., Къэрмокъуэ Хь. М., Къуэдзокъуэ М. М., Нэхущ З. А., Рахаев А. И., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Сэхъу В. Кь., Тау П. КІ., Федченко Л. М., Хьэщхьэужь А. Б., ХьэфІыцІэ М. М., Шурдым Ю. Хь.

Гуляевэ Валентинэ Василий и пхъур

И ныбжьыр илъэс блыщІым иту дунейм ехыжащ Гуляевэ Валентинэ Василий и пхъур. 1947 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м ар къыщалъхуащ Кострома областым хьихьэ Судислав районым и Островскэ жылагъуэм.

1967 гъэм Налшык къэІэпхъуащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филолог Іэщідгъэр щызэригъэгъуэтри, егъэджакІуэ Іэнатіэм и кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэм илъэс 33-кІэ пэрытащ. ЦІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ Налшык кьалэ кьудамэм и секретару, методисту, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ и министерствэм и инспектору 1967 - 1987 гъэхэм лэжьащ. ЕгъэджакІуэхэм я Іэщідгъэм щыхагъахьуэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІым и кьуэдзэу, проректору 1987 - 1997 гъэхэм щытащ.

1997 гъэм щыщІидзауэ 2001 гъэ пщІондэ лэжьащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэу. 2001 - 2003 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым Республикэмкіэ и Советым и етІуанэ зэхуэсгъуэм и депутату щытащ, абы Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ, спортымрэ туризмэмкІэ комитетым и унафэщІу яГъэуващ. 2003 - 2009 гъэхэм республикэм и хабзэуб-зыху Іэнатіэм и ещанэ зэхуэсыгъуэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьуэдзэ кьулыкъуэхэм пэрытащ.

Илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылэжьам къыхэкІыу Гуляевэ Валентинэ Василий и пхъум къыхуагъэфащащ КъБР-м и Министрхэм я Кабинетымрэ (Правительствэмрэ) Парламентымрэ я щІыхь тхьилъэр, «РСФСР-м цІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ и отличник», «Урысейм и Парламент» дамыгъэхэр. Егъэджэныгъэ щІэныгъэхэм я кандидатт.

Пенсэм кІуа иужьки жылагъуэ гъащІэм ар щыкьыжьэращ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и деж щыІэ Нэхъыжьхэм я Советым, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и Жылагъуэ Советым и унафэщІым и кьуэдзэу щытащ.

И Іэщідгъэм фІыуэ зэрыхищІыкІым, гу къабзэу, хьэлэлу зэрыщытым къыхэкІыу Гуляевэ Валентинэ Василий и пхъум пщІэ лъагэ щиІэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджакІуэхэм я деж.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэр яхуогузавэ абы и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ. Ар зэи тщыгъупщэнкъым.

● КъБР-м и прокуратурэм

Псэущхьэхэм къащхьэщож

Урысей Федерацэм и Тхьилъ Плъыжьым иратха псэущхьэхэр зэращэкъуэзэращэху щІыкІэм теуха рекламэхэмрэ нэгъуэщІ хъыбархэмрэ зэрызэбграгъэхьар къихутэн мурадкІэ, Интернетым щылажьэ апхуэдэ сайтхэр Бахъсэн щІыналъэм и прокуратурэм къипщытащ.

АЛЭЖЬЫГЪР щрагъэкІуэкІым УФ-м и Тхьилъ Плъыжьым ихуа псэущхьэхэр (гепард, губгъуэ дждэу, бэдж бзуушх) зэращэм щыхьэт техьуэ хъыбархэр сайтищым иралъхьауэ кьахутащ.

Къэпщытэныгъэм кьрикІуам ипкъ иткІэ, щІыналъэм и прокуратурэм Бахъсэн район судым ираташ Интернетым ираплъэ хъыбархэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм щызэбграгъэкІыну зэрыхуимытым теухуа иск тхылъищ. Мы зэманым абыхэм хоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэ.

● Іуэху зехьэкІэ пэрыт

ЩІэныгъэ нэхум и щІэдзапІэ

Малкэ къуажэм щыІэ курыт школ №2-р Балъкъ псы Іуфэм Іутщ. А зэдзщыт щІыпІэ закъуэм фІэкІа хэмылъами, ар куэдым ефІэкІ еджапІэ мэхъу. Школ гупэм жылэр къисщ, абы и щІыб щожэх республикэм и псы нэхъ кІыхь дыдэр. Псыхъуэм къыдиху салъкъын гуапэм еджапІэм и пщІантІэм щыджэгу щыкІуэхэр я Іум щызу иробауэ, абыхэм зэрызаужь щІэгъэхъуэнщ ари. Къатищу зэтет школышхуэр щІэныгъэ нэхум и щІэдзапІэу, гъащІэ гъуэгуанэм уэзрытетын дерсхэр къызыщІэпхын уардзуныэри маблэ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ куейм и тхьэмадэ Джатэ Русланрэ егъэджэныгъэмкІэ районым щыІэ управленэм и унафэщІ Къуэщ1ысокъуэ Іэсиятрэ я нэІэ тет зэпытщ еджакІуэхэм я Іуэху зэрыдзкІыным, я ехьулІэныгъэхэм.

- Мы зэманым ди школым къокІуалІэ ныбжьыщІэ 306-рэ. Аэр щоджэ зыхуей хуэза, зыхуэныкъуэ псомкІи къызэгъэпэща класс Іэхуитхэухитхэм. ДиІэщ предмет зохаэмкІэ пэш щхьэхуэхэр, класс нэхъыщІэхэм щІэс щыкІуэхр пщІэншэу щыишэ шхапІэ хъарзынэ. Сабийхэр спортымрэ физкультурэмрэ дегъэхьэхьыныи гупытэ хэха худощІ, - жеІэ школым и унафэщІ Хъуран ФатІимэ. - ЕгъэджакІуэхэмкІи ирикъуу дыкъызэгъэпэщащ. Аэр 26-рэ мэхъыри, я Іэщ1аГъэкІэ, ябгъэдэлъ щІэныгъэхэмкІэ категорие нэхъыщхьэхэр яІэщ. Ди егъэджакІуэхэм яхэтщ щІыхьыщІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэхэр. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и егъэджакІуэхэм я зэхьэзэхуэм Мыд ФатІимэт бжьыпэр щиубыдащ, икІи «Урысейм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» цІэр къыфІащащ. ЩІэблэм зэкІэлъэныр фІыуэ ялъагъуу, цІыкІуэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным я ЫкІуэ емыблэжу пэрытхэм ящыщщ ди егъэджакІуэхэу Къардэн ФатІимэ, Щоджэн Софият, Къардэн Марие, Бищ1о Ритэ, Журт Залинэ, Мэлбахъуэ Тимур сымэ. НэхъыжьыфІу, и лэжьакІэр щапхъэ яхуэхьуу гупым яхэтщ пэщІэдзэ классхэм щезыгъаджэ Мэржэхьу Марие.

А егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэхэм я лэжьыгъэр псыхэкІуадэ зэрымыхъум и щыхьэтщ, псалъэм папщІэ, школыр нэгъабэ къззыуха ныбжьыщІэ 16-м ящыщу 6-м дыщэ медаль къызэрахьар, 10-р еджапІэ нэхъыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыщІэтІысхьар. Мы гъэм школыр къззыухэр зэрыхъур 8 къудейщ, мащІэрэ Іэфіу жыхуаІэу, абыхэми екъуІэныгъэфІхэр яІэну щогугъ егъэджакІуэхэр.

Къэралыр демографие щытыкІэ гугъум щиувам щыгъуэ школым екІуалІэ цІыкІуэхэм я бжыгъэр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъуауэ щытами, иджы Іуэхур иофІэкІуэж: пэщІэдзэ классхэм екІуалІэ сабийхэм я бжыгъэм хэхъуэжащи, еджапІэми псэщІэ кІыхьхьэж.

Школым и лэжьакІуэхэр, зэрыгурыІуэгъэщи, зытелажьэр щІеблэм щІэныгъэ куу етыныupq, арщхьэкІэ абы прадзыхьыркъым ныбжьыщІэхэм лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу егъэгъуэтыным епха Іуэхугъуэхэри. А гъэсэныгъэм къыщыщІедзэ школым уэзрыщІыхьэу. Абы и кІэлындорышхуэхэм я блынхэр щІэныгъэм гу хуозыгъэщІ тхыгъэхэмрэ суратхэмкІэ зэрыгъэщІэрэщІам къыдэкІуэу, адыгэ тхыдэм, ди лъэпкъым и блэкІамрэ и нобэмрэ я ятеухуэ планэпэхэри иІэщ. Апхуэдэхэщ «Си лъахэ - си удэ дахэ», «Къабэрдей - си дуней», «Си бзэ - си псэ, си Хэку», «Малкэр апэмрэ иджыпрэ», нэгъуэщІхэри.

ЕджапІэр зэрыгушхуэщ икІи зэрыпагэщ школ музейр. Абы щызэхэхьэсащ жылэм и тхыдэм епха дэфтэр гъэщІэгъуэн куэд. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, 1917 гъэм и пэкІэ щыІа унагъуэ Іэмэпсымэхэм ящыщхэр, пасэ зэманыжьым адыгэхэм ящыгъа цІыхухэу, цІыхуб фащэ зэмылІэужьыгъуэхэр, афэ джанэ зэхуэмыдэхэр, пасэм щыІа, нэмыцэ зауэм щыгъуи зэрахьа гъущІ пыІэхэр, жьы дыдэ хъуа Іэрыгъаде машинэр, зэман жьыжьым «къикІа» ету зыбжанэ.

- ЩІэблэр хэкупсэу гъэсэнныкІэ, абыхэм я къэухьым, гупсысэм зегъэужьыныкІэ музейр хуабжьу дзэпкъыгъэуцужьащ. Абы щІэлъ хъэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр щІэхьэж зэхьэлІа Іуэхугъуэ елъытауэ дгъэлъагъуэурэ класс сихьэтхэр щыдогъэкІуэкІ. КъищынэмыщІауэ, «Лъэужьыгъэм и сыхьэт» зыфІэтща зэІущІэхэм цІыкІуэхэр щыгуаззэ щыхуэдощІ ухуажьм дэс лъэпкъхэм къахэкІахэм, къахэжанэкІахэм ятеухуа хъыбархэм, - музейм и лэжьыгъэм топсэлъыхь Хъуран ФатІимэ. - ГеографиемкІэ егъэджакІуэу илъэс куэдкІэ лэжьа Скрипниковэ Екатеринэ и жэрдэмкІэ 1975 гъэм къызэІуахауэ щыта ди музейр зэпыу имыІэу мэлажьэ, и зэфІэкІым хигъахьуэу.

ФатІимэ зэрыжиІэмкІэ, Скрипниковэм кърихьожьа Іуэхур адэкІэ кІуэтэнымэ къаруушхуэ хилъхьащ адыгэзбэмрэ литературэмрэ сабийжэм яригъэджу школым илъэс куэдкІэ щыІэжьа Щхьэнокъуэ Мусэбий. Ар икІи егъэджакІуэт, икІи усакІуэт, икІи журналистти, набдзэгубдзапІэу дэтхэнэ Іуэхури къиІэтырт. А цІыку щэджащэм и фІыгъэкІэ къуажэ тхыдэм и напэкІуэцІ куэд музейм къыщІэхутащ. Малкэ жьылэм и лэжьакІуэжьхэм ятеухуауэ къыззхуахьэсыжаэри мащІэкъым. Аэр щхьэхуэ-щхьэхуэурэ зэхэгъэкІауэ дапхъэхэм щхъэумэ.

Музейм и лэжьыгъэм гъунапкъэ имыІэм хуэдэщ. Жэпуэгъуэ Революцэшхуэм илэкІи, Совет властым и зэманми, абы и ужь пІэхъэнэхэри къыщыгъэлъэгъуауэ планэпэ щхьэхуэ иІэщ. Псом хэмыдэжу купщІафІэщ Хэку зауэшхуэм и зэманым епхауэ абы щыІэ пІэнэшэу щыишэ шхапІэ хъарзынэ. Сабийхэр спортымрэ физкультурэмрэ дегъэхьэхьыныи гупытэ хэха худощІ, - жеІэ школым и унафэщІ Хъуран ФатІимэ. - ЕгъэджакІуэхэмкІи ирикъуу дыкъызэгъэпэщащ. Аэр 26-рэ мэхъыри, я Іэщ1аГъэкІэ, ябгъэдэлъ щІэныгъэхэмкІэ категорие нэхъыщхьэхэр яІэщ. Ди егъэджакІуэхэм яхэтщ щІыхьыщІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэхэр. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и егъэджакІуэхэм я зэхьэзэхуэм Мыд ФатІимэт бжьыпэр щиубыдащ, икІи «Урысейм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» цІэр къыфІащащ. ЩІэблэм зэкІэлъэныр фІыуэ ялъагъуу, цІыкІуэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным я ЫкІуэ емыблэжу пэрытхэм ящыщщ ди егъэджакІуэхэу Къардэн ФатІимэ, Щоджэн Софият, Къардэн Марие, Бищ1о Ритэ, Журт Залинэ, Мэлбахъуэ Тимур сымэ. НэхъыжьыфІу, и лэжьакІэр щапхъэ яхуэхьуу гупым яхэтщ пэщІэдзэ классхэм щезыгъаджэ Мэржэхьу Марие.

А егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэхэм я лэжьыгъэр псыхэкІуадэ зэрымыхъум и щыхьэтщ, псалъэм папщІэ, школыр нэгъабэ къззыуха ныбжьыщІэ 16-м ящыщу 6-м дыщэ медаль къызэрахьар, 10-р еджапІэ нэхъыщхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыщІэтІысхьар. Мы гъэм школыр къззыухэр зэрыхъур 8 къудейщ, мащІэрэ Іэфіу жыхуаІэу, абыхэми екъуІэныгъэфІхэр яІэну щогугъ егъэджакІуэхэр.

Къэралыр демографие щытыкІэ гугъум щиувам щыгъуэ школым екІуалІэ цІыкІуэхэм я бжыгъэр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хъуауэ щытами, иджы Іуэхур иофІэкІуэж: пэщІэдзэ классхэм екІуалІэ сабийхэм я бжыгъэм хэхъуэжащи, еджапІэми псэщІэ кІыхьхьэж.

Школым и лэжьакІуэхэр, зэрыгурыІуэгъэщи, зытелажьэр щІеблэм щІэныгъэ куу етыныupq, арщхьэкІэ абы прадзыхьыркъым ныбжьыщІэхэм лъэпкъ гъэсэныгъэ екІу егъэгъуэтыным епха Іуэхугъуэхэри. А гъэсэныгъэм къыщыщІедзэ школым уэзрыщІыхьэу. Абы и кІэлындорышхуэхэм я блынхэр щІэныгъэм гу хуозыгъэщІ тхыгъэхэмрэ суратхэмкІэ зэрыгъэщІэрэщІам къыдэкІуэу, адыгэ тхыдэм, ди лъэпкъым и блэкІамрэ и нобэмрэ я ятеухуэ планэпэхэри иІэщ. Апхуэдэхэщ «Си лъахэ - си удэ дахэ», «Къабэрдей - си дуней», «Си бзэ - си псэ, си Хэку», «Малкэр апэмрэ иджыпрэ», нэгъуэщІхэри.

ЕджапІэр зэрыгушхуэщ икІи зэрыпагэщ школ музейр. Абы щызэхэхьэсащ жылэм и тхыдэм епха дэфтэр гъэщІэгъуэн куэд. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, 1917 гъэм и пэкІэ щыІа унагъуэ Іэмэпсымэхэм ящыщхэр, пасэ зэманыжьым адыгэхэм ящыгъа цІыкІуэхэр, цІыкІуб фащэ зэмылІэужьыгъуэхэр, афэ джанэ зэхуэмыдэхэр, пасэм щыІа, нэмыцэ зауэм щыгъуи зэрахьа гъущІ пыІэхэр, жьы дыдэ хъуа Іэрыгъаде машинэр, зэман жьыжьым «къикІа» ету зыбжанэ.

- ЩІэблэр хэкупсэу гъэсэныкІэ, абыхэм я къэухьым, гупсысэм зегъэужь

ПщыкIузым дынэсакъым

Анэр япэ классым кIуэ ипхъу цIыкIум йоупщI:
- Щыгъ плIырэ зэхэплъхьэмэ, дапщэ хъуну, Дисэ.
- Блы.
- Блырэ плIырэ зэхэплъхьэмэ-щэ?
- СщIэркъым, дэ иджыри пщыкIузым дынэсакъым.

ИмыщIэу ара?

Зэанэзэкъуэр тыкуэным щIыхьауэ, щIалэ цIыкIур къопсалъэ:
- Мамэ, еплъыт, мо лIым и цхьэцыр тетыжкъым.
- УмыкIий, Идар, зэхебгъэхынущ.
- Тхьэмыщкlэ, иджыри къэс имыщIэу ара щхьэкъуий зэрыхъуар?

Уи адэшхуэр пщэдей къыздэшэ

Егъэджакlуэм:
- Пщэдей уи адэшхуэр къыздэшэ.
- Си адэра хъунщ узыхуейр? - жи еджакlуэм.
- Хьэуэ, уи адэшхуэращ.
- Сыт си адэшхуэр зэрыпщIынур?
- Уи адэм уи унэ лэжьыгъэхэм хищIыхь щыуагъэхэр езгъэлъагъунущ.

● Гъуэгу къежьапIэ

Къанкъул Дианэ, Кэнжэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №20-м и 4-нэ классым фIы дыдэу щоджэ. Псом хуэмыдэу абы фIыуэ елъагъу адыгэбзэкIэ усэ жыIэныр.

Адыгэ фащэр зэкIупс пщащэм лъэпкъыр зэрыгушхуэн хъыджэбз къызэрищIыкIынум шэч хэлъкъым.

Среукl, ауэ пащтыхьыгъуэр къылърес!

● Пасэрей цIыхубз цIэрыIуэхэр

Урым пащтыхь Нерон и анэ Агриппинэ Нэхъыщ1ым гъащIэ гугъу къигъэщIащ, апхуэдэуи дунейм ехьажащ. Нерон пащтыхьхьыгъуэм къэзышэсари, тезыгъэувари Агриппинэщ, и быным щхьэкIэ сытри ищIэну хьэзыру щытами, ар зыIэщIэкIуэджар и къуэращ.

АГРИППИНЭ и адэ-анэмрэ и дэлъху нэхъыжьитIымрэ яукла нэужь, и дэлъху ещанэ Калигулэ и шыпхъур и щIасэ ищIри, хуэмеиж щIыхъум Понтийскэ хьтIыгуэхэм иригъэшащ, абы гъэру щаIыгъыну. Пащащэм и адэ къуэш Клавдий пащтыхьым и тетыгъуэм Агриппинэ хьтIыгум кьрашыжри, лIы иратащ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуа Домиций Гней цIыху гъуамэу, гуузлыуэ имыщIэу, бзаджэу щытащ. ЦIыхубзым и япэ сабийр дунейм къыщытехьам, Агриппинэ и тхьэмадэ Луций «А хьитIым яку къыдэкIа быныр иГъащIэкIэ цIыху хъунукъым, гуауэмрэ гуIэгъуэмрэ къыдэкIуэнущ абы», жиIауэ щытащ. КъызэрыщIэкIамкIи, Луций и псалъэхэм пэж хэлът. Нерон, арат сабийм фIащар, тхыдэм IейкIэщ къызэрыхэнэжар.

Езы Агриппинэ цIыху пагэт, гущIэгъунышэт, ерыщт. Ауэ псом нэхърэ нэхъ Iейуэ зыщIэбэгыр - къэрал унафэ ищIынырт. Агриппинэ Iэзэ гуэрым еупщIат жаIэ, си къуэм и ГъащIэр дауэ зэрыхъунур, жиIэри. «Уи къуэр пащтыхь хъунущ, ауэ уэ уиукIыжынущ абы!», - жэуап кьритат Iэзэм. «Среукl, ауэ пащтыхьыгъуэр къылърес!», - жиIат цIыхубзым.

Клавдий и щхьэгъусэ Мессалино кIуэна нэужь, пащтыхьым унэгъащэ къыхуалъхьэуэ щIадзащ. Пащтыхьым и чэнджэщэгъуэхэм цIыхубз зыбжанэ къыхуагъэлъагъуэрт, абыхэм яхэтт Агриппинэри. Дэтхэнэми зэрыкъуелйр, зэрыдахэр, зэрыIущыр къигъэлъэгъуэну, гу зылърагъэтэну хущIэкъуэрт. Агриппинэ унагъуэ лъэщ къызэрыкIам, зэрыгубзыгъэм, зэрыдахэм, зэрыкъуелйм, зэрыбныкфIэм къыхэкIыу, Клавдий щхьэгъусэфI хуэхъуну кьалъытэри, и адэ къуэшым дэкIуэжащ, и щхьэгъусэм пыкIри. Апхуэдэу, Агриппинэ пащтыхь гъащэ хъущ.

Утыку къыщихьэкIэ, гуащэм зигъэпагэт, зэпIэзэрыт. Унагъуэм цIыху щабэу, щхьэгъусэ жыIэдаIуэу, гуапэу зыщигъэльагъуэрт. МылъкукIэ иримыкъуми, «къэралыгъуэм сыщIэгупсысуращ сэ, армыхъумэ, си щхьэ Iэзху зесхуэркъым» жиIуэрэ, зыщхьэщигъэкIырт. Агриппинэ тепщагъуэр хуэм-хуэмрэ иубыдырт, абы и щыхьэтщ анэдэкIуэ Нерон Клавдий и быну ибжу зэрыригъэпIар.

Агриппинэ кьыпэщIуфэхэр икIэщIыпIэкIэ игъэкIуэдырт. ЦIыхубзыр апхуэдизкIэ щысхьышэри, Клавдий и благъэхэр щтэри, заГъэбзэхащ, нэгъуэщI къалэхэм Iэпхъуащ, зыри хуейтхэкъым пащтыхь гуащэм пэщIэувэну. Псори щIыззбгрыкIым, Агриппинэ мурад ищIащ и щхьэгъусэ Клавдий иукIыу, и къуэр пащтыхьыгъуэм тригъэувэну. Зыми шэч кьытрихьэрхъым, Клавдий гын иратащIэ зэрагъэлIам. Апхуэдэу Нерон Клавдий Цезарь Август Германик пащтыхь хъущ.

И ней зыщыхуа кьулыкъущIэхэр Агриппинэ «Іуихри», езым дзыхь зыхуищIхэр Нерон и чэнджэщэгъу, дзэпщ ищIащ. Балигъ хъуа Нерон кьыгурыIуащ и анэр и хьэрхуэрэгъу зэрыхъуар, унафэр зэрызыIэщIимыгъэкIынур, и къуэ дыдэми зэрыщIмысхьынур. Хуэм-хуэмурэ зэбий хъужа зэанэзэкъуэм я зэныкъуэкъуклэм дуней псор кIэлъыплъырт. Нерон щхьэзыфIэфI зэрыхъуар Агриппинэ къыщыгурыIуэм и къуэр игъэшынэ и гугъэу игу кьигъэкIыжащ Клавдий къуэ зэриIэр, хабзэм утетмэ, Британик пащтыхь хъун зэрыхуейр, и анэм жиIэм емыдэIуэнумэ, и мылъхукъуэм тепщагъуэр зэрыритыфынур. Ауэ ар Нерон кьридзакъым, икIи мыгувэу пащтыхьым и къуэшым ган иригъэшхри, игъэIлащ.

И анэр зэригъэIэнур кьыхуэмыщIэу Нерон куэдрэ гупсысащ. Гын иригъэшхмэ, кьащIэнут, сэкIэ иригъэкIми - аращ. ЦIыхубзыр и ажал кьабзэкIэ лIауэ ягугъэн хуейт псоми. ИкIэм-икIэжым, Аникет, Нерон и гъэкIуэм, кьигупсысащ хэкIыпIэ - Агриппинэ тенджэшым техъь нэужь, и кьухъыр зэпкърыплъэну, цIыхубзыр псым иратэхьэлэну.

Зэраубзыхуам тету, махуэшхуэ гуэр нэгъуэщI кьалэ щригъэкIуэкIыну Нерон унафэ ищIащ. А кьалэм Агриппинэ кхъухкIэт зэрыкIуэнури, и къуэр кьыпежьэщ, и анэм дэIэпыкъуурэ кхъухьым дригъэкIуейри, езыр щIыгъу кьаблэм есьлIащ. Зэанэзэкъуэр зэи зэмыбиям хуэдэу, Нерон и анэм пщIэшхуэ кIэлъыззрихьэу, цIыхубзыр лIэмэ и къуэр абыкIэ зыми имыгъэкъуэнщэфын хуэдэу зиIыгъащ пащтыхьым. Псори зэфIэкIри, Нерон и анэр иригъэжьэжащ. Пащтыхьым и анэм Іэплlэ хуищIыжри, кхъухьым дригъэкIуэжащ.

Агриппинэ сытым дежи дзыхь зыхуищIу гъуситI иIэт - Креперей Галлрэ Ацерронэрэ. Иужьрейм Нерон анэм гумащIэ кьызэрыхуэхъуар игъэщIагъуэу гуащэм бгъэдэсу здэуэрщэрым, кIуэтэр кьыззтещащащ. Креперей Галлыр абы щIипытIэри, зэщззэпIэу иукIащ, мыдрей цIыхубзымрэ гуащэмрэ зэрыса гъуэлъыпIэм и щIэгъэкъуэнхэм я фIыгъэкIэ кьелащ, ауэ кхъухьыр щыззпкърыщащым тIури псым хэхуащ. «Сэ сы Агриппинэщ, сыкъебгъэл!», - жиIэурэ Ацерронэ кIийрт, здэгужьеям. Ар щыззхьым, Нерон и анэм гъусэ кьыхуищIа лIыукIэм цIыхубзыр яуклащ. Іуэхур зыIутыр Агриппинэ кьыщыгурыIуэм, зиущэхури, псым есурэ тенджьы Іуфэм нэсащ. И унэм екIуэлIэжу, гуащэр псоми егупсысыжа нэужь, кьыгурыIуащ и къуэр, имыхабзэу, бзэ Іэфlу кьыщыхущытар.

Арати, Агриппинэ и къуэм лIыкIуэ хуигъэкIащ, ажалым кьыззрелар, лажьэ зэримыIэр, зыукIыну хуеяр хэтми зэрищIэр жриIэну. Нерон шынэрт, и анэм илъ ищIэжьи и гугъэу. Пащтыхьым и чэнджэщэгъуэхэр зэхуищзэри, Агриппинэ Іэмал имыIэу укIын хуейуэ трауХащ. А жэщ дыдэм лIыукI нэхъ гущIэгъунщэ дыдэхэм зы гупу гуащэм и чэщанэм яунэтIащ.

Агриппинэ и хэщIапIэм кьебгъэрыкIуэхэр щалъагъум, чэщанэм щIэсхэр зэбгрыжащ, гуащэм и закъуэ кьагъанэри. ЦIыхубз пагэр гъакъым, гущIэгъу кьыхуащIыну лъэIуакъым, атlэ, башкlэ кьеузыну кьыщыхьэщыжьа лIыукIэр щилъагъум, Агриппинэ кьызэрIуэвэри: «Кьеуэ си къуэр кьызэрыкIа кIуэцIым!», - жиIащ. Абдежым лIыукI гупым я нэхъыщхьэм и джатэр кьрихри, гуащэр зэхиупщIэтащ.

А жэщ дыдэм Агриппинэ и хъэдэр зэгъэсыжащ Ауэ, зэрыжаIэмкIэ, и къуэр иригъэуклIну унафэ кьыгъэнауэ, жэщ кьэс лIыукI кьыкIэлъыкIуауэ кьыщыхъуу мыжеифу, Нерон шынэу и гъащIэр ихьащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Псалъэжьхэр

Сыт къуэщ зимыIэм ищIэр?

♦ЦIыхубз зыщIэмыс унэр сабафащ.
♦Шыгъу пут зэдумышхыу узэрыщIэркъым.
♦Уи гъунэгъур уи гъуэпэщ.
♦Къуэш зимыIэм башым Іэплlэ ирешэкI.
♦Ныбжьэгъур бгъэунэхунумэ, хуитыныгъэ ет.
♦Унагъуэ умыхъуу къуажэ ухъункъым.
♦Сыкъамыдэми срадахэщ.
♦Уэ пхуэдэ сещэмэ, щэ иризгъэкъунщ.
♦УэзэлъэIу къэгъани къолъэIу къашэ.

Лэжьыгъэр - сурэткIэ



Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр сурэткIэ къыщыгъэлъэгъуэ журнал гъэщIэгъуэн иджыблагъэ дунейм къытехьащ.

КРАСНОДАР крайм и администрацэм къарита грантымкIэ къыдагъэкIа журналыр гъэнщIащ щыналъэм щыпсэу адыгэхэм я хабзэ зехьэкIэмрэ я нобэрей гъащIэм къыщыхъу Іуэхугъуэхэмрэ теухуа, Шапсыгъ Хасэр къыззрыунэхурэ къыкIуа гъуэгуанэм и щIыкIэт сурэт гплъыфIэхэмкIэ.

Альбомыр къыдззыгъэкIаxэм къадэIэпыкъуащ Краснодар крайм щыIэ къэрал къулыкъущIапIэхэр, Сочэ къалэмрэ ТIуапсэ районымрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ Іуэхущ1апIэхэр икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ нэрылъагъу къащIащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэ - Жылагъуэ парламентым къиIэт Іэхуэхэмрэ зэфIафIэкI лэжьыгъэмрэ хуэфащэ пщIэ зэрыхуащIыр.

Мы Іуэхур зигу кьакIари ар зыгъэхьэзырари Шапсыгъ Адыгэ Хасэм илъэс куэд хъуауэ и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжидщ. Тенджыз ФIыцIэ Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я Жылагъуэ парламентым ихъума сурэтхэмрэ журналист цIэрыIуэНыбэ Анзор трихахэмрэ псалъэншэу кьыхуалуатэ иужьрей илъэс тIощIрыщIым кьриубыдэу Шапсыгъ Адыгэ Хасэм Іуэхугъуэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ кьызэрикIуар.

ЖьыI зэрымысым нэмыс илъкъым, щIэ зэрымысым насып илъкъым.
♦Нэм псэр зыщIешэ, гум гур къреджэ.
♦КъакIуэ псори благъэщ.
♦Закъуэныгъэ нэхърэ Іэл къыбдис.
♦Унагъуэ зиIэм унагъуэ и пIалъэ ещIэ.
♦Зэдэшхэ Іэфlщи, зэдэфI унэщ.
♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.
♦Нэм пэжыжьэми гум пэблагъэщ.
♦ЦIыхуфI и Іэнэ хьэзырщ.
♦Уи анэ и Іэ илъым еплъи, уэ уи Іэ илъым едзакъэ.
♦Сабий щIэхъуэпсым гущэпс ед.
♦Нэхъыщ1э нэхъ щIасэщ.
♦Хэгъэрей бзаджэ дэкIуатэ кIыхьщ.
♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.
♦Унагъащ1э хьэщIэхуэфIщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Гъэшхэкl. **5.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ фызыжь бзаджэ. **7.** Колхозым хиса къэкIыгъэхэр зыхъумэ. **8.** Мыщэм ар фIэбэлащ. **9.** Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ. **10.** Адыгэ театрым и джэгуакIуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артист. **13.** Лы и къуэгъурэ вы и ... **14.** Ди щIыналъэм щыIэ псыежэх. **17.** Уеплъмэ, ..., уеджэмэ, дэгу. **18.** Котлет зыфIэфIхэм я унагъуэм илъ Іэмэпсымэ. **19.** УимыIуэху зепхуэмэ, ар уи щхьэм къытехуэнкIэ мэхъу. **21.** Къуажэдэс унагъуэм и гъавэ, ерыскъыпхъэ гъэтIылъыпIэ. **23.** Нанэм цы ... ещIри щысщ. **25.** Удз ... е щхьэц ... **27.** Адыгэ композитор щэджащэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща. **28.** Іэпкълъэпкъ зэкIуж зиIэ щIалэ бжьыфIэ. **31.** Уэс зытемылъ щIы щхьэфэ тещтыкIа. **33.** Дзыгъуэм и бий псэущхьэ дахэ цIыкIу. **34.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ. **35.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ блэ лIэужьыгъуэ. **36.** КъыщIэупщIэ псоми ... зырыз яфIищурэ, Мэлычыпхъу зыми яхуэдэкIуэртэкъым. **37.** Нэхъыбэу пивэр а къэкIыгъэщ зыхъзыхащIыкIыр.

Къехьу: **1.** Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ къуажэ. **2.** Машинэ зэжьэхэуэм цIыхуитIым ... хахащ. **3.** Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и ректор. **4.** Сосрыкъуэ теухуа Іуэрыпуатэм къызэрыхэщщыжымкIэ, къум щIыIэжым мафIэншэу къинащ Сосым, Нэсрэн ЖьакIэ, Арыкъшу, Ашэмэз, Батарэз, ... сымэ. **6.** Дыщэр ... хуэныкъуэкъым. **11.** Шым и фэ, и теплъэ. **12.** Нарт Щэуей и адэр. **13.** Гъэмахуэм Іащым и фэр изых бадзэшхуэ. **15.** Хадзэкl. **16.** ЦIыху псынщIэ, емыгупсысу Іуэху гуэрхэр къезыхьэжьэ. **17.** ... техьэ тенэркъым. **20.** ЩIэжьей. **22.** Бжэныфэм къыхэщIыкIа къэп. **33.** Уэс къесагъащIэм бажэ ... къыщилъэгъащ щагIуэм. **24.** Тэрч районым щыщ мэкъумэшыщIэ цIэрыIуэу щта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **25.** Къуийцыкlу и ... кьикIащ: дыщэ кIанэ кьигъуэтащ. **26.** Мэзым щIэс хьэкIэкхъуэкIэ. **29.** Шыхъуэ, мэлыхъуэ, бжэныхъуэ, къазыхъуэ, ... **30.** Апхуэдэ лэжьакIуэр фо щыщIэркъым. **32.** Абы тутын иракIутэурэ ирофэ. **34.** ПщIий къызыпыкIэ жыг.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 15-м дэ газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 1. Кьаз. **6.** Ибэ. **8.** Шыпсыранэ. **9.** Жыджэр. **10.** Акъужь. **11.** Нэгумэ. **14.** Хуабэ. **15.** Шыпхъу. **20.** Къыкъ. **22.** Іэмбатэ. **23.** Кьута. **24.** Нып. **25.** Мухьэдин. **28.** Дзэл. **32.** Щыгъэ. **33.** Кьады. **36.** Гъымбу. **38.** Кхъулэ. **39.** Бытыр. **40.** Малъхьэгъунэгъу. **41.** Гъубж. **42.** Адэ.

Къехьу: **2.** Акъсырэ. **3.** Мыхъур. **4.** Дырхъуэ. **5.** Кьунан. **7.** БзэмыIу. **12.** Абгъуэ. **13.** Чынт. **14.** Хугу. **16.** Хъун. **17.** Пкъынэ. **18.** Абрэдж. **19.** Кьанлы. **21.** Кьэп. **23.** Къуэдз. **26.** Уагъэ. **27.** Идар. **29.** Ущ. **30.** Мы. **31.** Псыбыб. **34.** Псыкуэд. **35.** Елгъэр. **37.** Умар. **39.** Бгъэр.

● Шхыныгъуэ

Жэрумэ гъэгъуа, кIэртIофщIэлъу гъэжьауэ

Жэрумэ гъэгъуар см 2 и Іуэгъэшу хъурейуэ зэпаупщI, Іуданэкl3 пхамэ, ар кьыхах, тебз кьэплъам сатыру зэлъэмыIэсу Іубауэ ираIъхьэ. Абы псы щIыIэ щIакIэри и щхьэр трапIэ, мафIэ цIыкIум тету яГъавэ. МафIэр инмэ, жэрумэр мыжьэ щIыкIэ псыр щIоващIэ. Псыр дакъикъэ 25-30-кIэ щIэвэщIэн, жэрумэр абы дэвэн хуейщ. ИтIанэ Іупщ1эурэ упщIэта кIэртIофщ, шыгъу, бжьын упщIэта, шыжий плъыжь сыр халъхьэри тебащхьэр тепIауэ, мафIэ цIыкIум тету аргуэру дакъикъи 6-8-кIэ яГъажьэ езым кьыщIэжа бгъэмкIэ. Хьэзыр мэхъу щыжаIэм, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэри зэIамыщIэу дакъикъи 8-10-кIэ яГъажьэ. Іэнэм зэрытрагъэувэр пщтырущ. ПIастэ хуабэ, щIакхъуэ, чыржын, мэжаджэ дашх.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ):
жэрумэ гъэгъуауэ - г 160-рэ,
кIэртIофщ укъэбзауэ - г 250-рэ,
псывэу - г 150-рэ,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30,
етIуанэу щIакIэ псывэу - г 100,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэжьКъуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ихуэ жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епIыкIэр зэтеуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Сонэ,** *редактору* **Щхьэщэмыщ1 Иэ,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.),* *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ,** *компьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Доа Мариэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №491